Муниципальное казённое общеобразовательное учреждение
«Кизлярская гимназия №1 имени М.В.Ломоносова»
городского округа «город Кизляр»

# Открытое мероприятие

## по родному языку (аварскому)

**5-7 классы**

# ***Конкурс чтецов «Мой родной язык»***

Учитель родного языка: Хадисова З.М.

г. Кизляр, 2021г.

Дуда эбелалъул угьи рагlанищ,
Гьаб дуниял цlураб, цlилал сороле6?
Дур хlухьелалъ гуреб хlал жиндир хьвачlей,
Дур каламалъ гуреб керен хинлъичlей.
Дудалъун гурони канлъи бихьичlей,
Кинабго дуниял дуй гlоло кьолей.

(Ханова Марьям  4а класс)

**<u>Гимн МАГ1АРУЛАЛ — Расул Х1амзаов</u>**

Релъи-хъуй гьечlого рохизе лъалел
Магlу чвахичlого гlодизе лъалел
Гlишкъул реклараб цlа цlунизе лъалел

Магlарулал ругел лъиклал гlадамал
Гlишкъул реклараб цlа цlунизе лъалел
Магlарулал ругел лъиклал гlадамал
Баклал къваридалъул раклал гlатlидал

Рукъ мискинлъаниги намус бечедал
Тlаде бачlараб къо лъимлъун къулчlулел
Магlарулал ругел лъиклал гlадамал
Тlаде бачlараб къо лъимлъун къулчlулел

Магlарулал ругел лъиклал гlадамал
Рикlкlен дагьлъаниги гьунар гlемерал
Гlурда тlегь бижизе чорхол би тlолел
Божизе бегьила гьаб дир халкъалда

Магlарулал ругел лъиклал гlадамал
Божизе бегьила гьаб дир халкъалда
Магlарулал ругел лъиклал гlадамал

(Ханова София 5а класс)

**<u>Малъе, эбел, рахьдал мацl.</u>**

Дир умумуз бицараб,
Улбуцаги бицунеб,
Урхъула духъ, авар мацl,
Малъе, эбел, рахьдал мацl.
Гъазимухlамад, Хlамзат,
Х1икматав имам Шамил
Аваралъ кlалъалаан, -

Малъе, эбел, рахьдал мацI.
МахIмуд, ЦIадаса ХIамзат -
Ц1ар арал назмучаг1и,
Нилъер мацIалъ цIализе, -
Малъе, эбел, рахьдал мацI.
Дида тарихги лъазе,
Дагъистанги бокьизе,
Кьолбол васлъун вукIине, -
Малъе, эбел, рахьдал мацI.
МухIамад ГIумаров.

(Мутаилов Магомед 2в класс)

**Белалде. Расул Х1амзатов**

квен кьурайги мун, эбел
кеч1 кьурайги мун, эбел.
квер кьурайги мун,эбел
бер кьурайги мун,эбел.

их кьурайги мун,эбел,
нух кьурайги мун, эбел,
бакъ кьурайги мун, эбел,
къо кьурайги мун, эбел.

Г1умру кьураймун,эбел
г1алам кьурай мун,эбел,
хинлъи кьурай мун, эбел,
лъик1лъи кьурай мун, эбел.

Г1адамал цоги руго,
мун цох1о т1ок1ай гьеч1о.
цогияз дуца кьолеб,
рохел дие кьоларо.
Малика.
Бищунго йокьулей цо эбел йиго
Гьелдаса хирияв щивг1аги гьеч1о.
Кинаб ургъалилъе дун ккананиги
Ургъел дир бикьизе цо гьей ятула.

Гьал бусурбабазул абиго буго
Къуръан эбелалъул х1ат1икь батулин.
Алжан кьолеб г1амал бокьун батани
Эбел рази гьае гьаб дунялалда.

( Магомедова Жавгара 5а класс )

**Дагъистан – Расул Х1мзатов**

Ват1аналъул гъот1ол гьит1инаб л Х1амзато г1аркьел,
Г1аммаб хъизамалъул мустах1икъав вас
Дир михъал кьурарав кьалул багьадур,
Кьибилго урхъарав чодул рек1арав.

Рак1 лъик1ав зурмихъан, кепав коч1охъан
Ракьда х1ет1 хъваларев лъик1ав кьурдухъан.
Мун дир чорхол рух1ел каранзул бух1и,
Дир угьулеб х1ухьел дир рек1ел ч1ух1и.

(Магомедова Саида 4в класс)

**Дагъистан – Расул Х1амзатов**

Гуро, гьитIинаб гьечIо, гьудулзаби, Дагъистан,
Гьелъул борхалъиялде ваха гьедин абулев.
Аххал тIогьода руго, тIогьал гIаздада руго,
ГIатIидаб Каспиялда гуми лъедолел руго.

ТIадегIанаб,
ТIадегIанаб, гIагараб,
МагIарулазул улка,
Аваданаб Дагъистан.

Йохъ, цо миллион гуро дагъистаниял ругел
Дунялалда гIагарлъи гIунги тIокI буго нилъер
МугIрул тIокIкIарал иццахъ океан зигардула
Аваразул васазухъ ясал чанги угьдула.

Гуро, гIамал кIудияб гIадамазул ватIан гьаб,
Амма бетIер даличIо Дагъистаналъ лъиего
Гьелъул ччорбалъ беролеб буго цIакъ машгьураб би
Гьелъул каранлъ кьабгIелеб буго цIакъ кьварараб ракI.

(Саидов Магомед 4а класс)

**Эбелалде –Жабраил Х1асанов**

Дуда эбелалъул берал рихьанищ,
Балагьун гIорцIичIел гIумруялъго духъ?
Дуда эбелалъул кверал рихьанищ,
Кинабго дуе кьун ракъван тIагIарал?
Дуда эбелалъул гьумер бихьанищ,
ГьитIинлъун тIагIараб дур тIалабаца?

**<u>Унел руго, вацал, ниж армиялде.</u>**

Унел руго,вацал,ниж армиялде,
Улка ц1униялъул ц1ар кодоб кквкзе.
Толеб буго, яцал, рижараб росу,
Меседил хъулбузе къщ-мех лъик1 гьабун.

Биун месед т1еги т1амаг1арухъе,
Бергьенлъиги босун ниж русиналде.
Гарцул хъал биччайги гьаб хъалаялде.

Вореги г1одуск, г1агарал улбул,
Г1умру къокъ гьабилин фашизмаялъул.
Инагьдуге хадур, хириял лъудби,
Хоб гьваридаб ч1валин ч1ег1ер чудказе.
(Абдулатипов Магомед 6б класс)

<u>Итоги конкурса:</u>

Ханова Марьям 1 место

Саидов Магомед 2 место

Магомедова Жавгара 3 место